# КIудияб Бергьенлъиялъ - 75 сон

Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 17 (7418)
10 Май 2020 сон
ГьатIан
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## КIудияб Бергьенлъиялъул праздник



**Хириял ветеранал, тылалъул захIматчагIи, рагъул лъимал, хIурматияб районалъул жамагIат!**

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, депутатазул Собрания лъул, жамгIияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе КIудияб ВатIанияб рагъулъ бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубаялде буссараб ракI-ракIалъулаб барки. Бергьенлъиялъул Къо ккола нилъер щивасе бищунго аслияб ва киназего гIаммаб праздник. Гьеб къоялъ нилъеца ракIалде щвезарула ВатIанияб рагъул бахIарчиял ва балагьал тIамчIал. Унсоколо районалдаса рагъде ана 900 ялдаса цIикIкIун чи. Гьезул рокъоре тIад руссана гIицIго 4I0 чи.

«Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе»!-абурал лозунгал рукIана тылалъулазе аслияллъун. ЗахIматалъулаб ракьалда аслияб къуватлъун рукIана руччаби ва гIолеб гIел. Районалъул гIадамаз фронталъе бакIарана кьер бугеб металл, кьуна 200 гIорцIен, I20 чу, цIикIкIараб къадар хинал щватабазул ва цогидабги ретIел. ГIадамаз фронталъе кьуна г1емераб хириял къайи. Рагъул саназда 3 млн. гIарац бак1арана имам Шамилил цIаралда бугеб танказул колонна гIуцIиялъе ва М. Дахадаевасул цIаралда самолетазул эскадрилья гьабиялъе. Жакъа районалда хутIун гьечIо цониги рагъул гIахьалчи. Нилъеда даимго кIоченаро ВатIан цIунун хварал ва х1алт1арал гьел!

ХIурматиял ветеранал, тылалъул захIматчагIи! КIудияб ВатIанияб рагъулъ нужеца бихьизабураб бахIарчилъи, къо хIехьей даимгоялъе хутIила бихьинчилъиялъул, къвакIиялъул, ВатIан бокьиялъул символлъун. Нужеца эбелаб ВатIаналъе гIоло гьабурабщинаб тIолабго инсаниялъего мисаллъун бук1ина. Гьаб ихдалил къоялъ цойги нухалъ къабул гьабе бищунго ракI-ракIалъулаб, сахлъи, рохел гьарулеб барки. ТалихI ва битIккей нужее ва нужер гIагаразе!

**ХIурматгун ГI. М. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## РДялъул БетIерасулгун видеобухьен



Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас гIахьаллъи гьабуна РДялда коронавирусалъул инфекция тIибитIизе тунгутIиялде буссараб, видеобухьенгун гьабураб оперативияб штабалъул заседаниялда. Гьеб бачана Дагъистаналъул БетIер В. Васильевас. Гьенирго гIахьаллъана общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова ва цогидалги.

ВКСалда бицана республикаялда цIакъго коронавирусалъул инфекция тIибитIизе тунгутIиялъул, унтаразе медицинаялъул хъулухъ гьабиялъул, дараби чIезариялъул, жалго жидецаго цIуниялъул. ТIадчIей гьабуна шагьаразда, росабалъ хьвадулеб транспорталъул хьвадиялъул гIорхъи чIезабиялда, кванил нигIматазул багьабазда. Республикаялъул нухмалъулес районалъул бутIрузул кIвар буссинабуна гьез гьарулел хIукмаби рукIине кколин бугеб ахIвал-хIалалда данде кколел.

Жидерго иргаялда муниципалитетазул бутIруз бицана бакIазда бугеб хIалалъул, оперативияб штабалъул ахирисеб тIадкъай тIубаялъул. Заседаниялъул хIасилал гьарулаго гьез тIадчIей гьабуна тIадеги койкаби ралагьиялъул, индивидуалияб цIуни букIинабиялъул, дарабазул ва цогидалги ресурсабазул, гIадамаз самоизоляция гьабулеб бугеб куцалда хадуб хъаравуллъи чIезабиялъул .

В. Васильевас ВКСалъул гIахьалчагIазда лъазабуна кинабго рахъ хъаравул-лъиялда гьоркь чIезабеян.

# Обращение В. Васильева к жителям Дагестана

**«Уважаемые дагестанцы!**

Сегодня на совещании Владимир Путин проанализировал ситуацию и определил меры, которые будут вводиться по мере возможности во всех регионах страны. При этом он отметил, что самое главное — это сохранение здоровья и безопасности людей и уже потом экономика, как основа развития нашего общества, региона и всей страны.

В рамках Указа, который был издан мной, соблюдаем правила безопасности с целью сокращении угрозы коронавируса. За это время нам удалось добиться определенных изменений в лучшую сторону, но обстановка в республике все еще остается сложной.

Завтра,12 мая к 3 часам я дам более развернутый комментарий по данному вопросу. Обязательно отвечу на вопросы которые есть в обществе.

Что касается нашей дальнейшей жизни, то она не меняется. Все ограничения и требования которые соблюдались в последнее время, дали определённый результат, но мы еще не добились улучшения, но уже видим стабилизацию.

Главный врач Роспотребнадзора по РД внес мне представление о том, что сейчас нельзя отменять режим самоизоляции, пока у нас нет для этого основания.

Слишком высока угроза дальнейшего осложнения ситуации. Всем необходимо отнестись к этому с понимаем и следовать установленному порядку.

Хочу поблагодарить тех, кто соблюдает режим безопасности, большинство наших жителей соблюдают режим самоизоляции. За это им большое спасибо.

По мере улучшения ситуации мы будем ослаблять режим контроля и ограничений.

Спасибо за понимание», — сказал Васильев в своем обращении.

**Цохlо чиясул къисмат, къимат гьечlеб бугони,
Къисас босула хадуб тlолго улкаялдаса.
Ватlаналде рокьиялъ ракьалда регlарав чи,
Ракьулъе ананиги, анив хутlула даим.**
**Инхоса ГIАЛИХIАЖИЯВ**



# Рихьуниса бахlарчи-нилъер чlухlи

Нилъер бахlарчияб халкъалъул тарихалда жаниб цо хасаб бакl ккола Кlудияб Ватlанияб рагъул тарихалъ. Исана- 2020 соналъул 9 маялъ 75 сон тlубала фашистияб Германиялда тlад Советияб халкъалъ бергьенлъи босаралдаса. Гьеб букlана дунялалъулго тарихалда жаниб бищунго вахlшияб рагъ. Гьеб рагъулъ чlвана ва унтун, ракъун, къечон хвана 60 миллион чи. Советияб халкъалъе ккана бищунго кlудияб ками ва зарал. Нилъер Советияб халкъалъе камуна 30 миллион чи. Дагъистаналъул гlемер миллатазул халкъалъул Ватlан цlунизе фронталде ана l80 азарго чи, гьезул гlицlго 90 азарго чи гурони нахъ руссинчlо. Нилъер гьитlинабго Унсоколо районалдаса Ватlанияб рагъде ана l34l чи, гьезул 93l чи бахlарчиго хвана фронталда Ватlан цlунулаго. Ватlаналда цебе жидерго налъиги ракl бацlадго тlубан бахlарзал гlадин нахъ руссана нилъер районалъул 4l0 гlолохъанчи. Кlудияб Ватlанияб гlасиял ва гурхlел гьечlел рагъазулъ Унсоколо районалъул гlолохъабаз бихьизабуна жидерго бахlарчилъиги, гьунарги, Ватlаналдехун бугеб рокьиги. Гьезул гlемерисел тlад руссана рагъулал орденал ва медалал карандаги ран бахlарзал гlадин.

Дица гlемер хlисаб гьабулаан; имамзаби Гъазимухlамадги, Шамильги ва Дагъистаналъул рагъулав комиссар Махlач Дахlадаевги рижараб ракьалда, Унсоколо районалда, щайдай цониги чиясе Кlудияб Ватlанияб рагъда Совет Союзалъул бахlарчиясул цlар щвечlеб,- абун. Рукlана биценал фронталда нилъер ракьцоял бахlарчиго рагъиялъул. Гьезда гьоркьор гlемер рехсолаан Унсоколо росулъа бахlарчияв летчик, Гастеллол гьунар такрар гьабурав Гlабдулаев Гlабдусатарил,Генуса бох гьечlев Гlусманил, Гьаракlуниса 20ll соналъ хварав ахирисев рагъул гlахьалчи Жамалудинов Мухlамадил, Харьков шагьар цlунулаго бахlарчиго хварал Балахьуни росулъа гlолохъабазул ва гlемерал цогидазулги. Рагъда тlагlарал ва бахlарчиго хварал умумузул тарих лъазабиялда тlад дун хlалтlулев вуго 25 соналъгlаги. Гlемер цlаланагlан,цlех-рех гьабидал лъалел руго цlи-цlиял баянал нилъер бахlарчияб тарихалъул. 2020 соналъул апрель моцlалъул байбихьуда Кlудияб Ватlанияб рагъул архивалда хlалтlулаго дида батана хlакъикъаталдаги Совет Союзалъул бахlарчиясул цlар кьезе мустахlикъав вугилан цlар чlварав Рихьуни росулъа Хlусейнов Мухlамад Мухlамадовичасул рагъулаб архивалъул документал. Гьеб букlана дие кlудияб рохел. Нилъ рохиялъе гlиллаги буго, щай гурелъул Хlусейнов Мухlамадил рагъулал ба-хlарчилъиялъул гьунаралги рехсон, гьелъие нугlлъиги гьабун, кlиго генералас гьоркь цlарги хъван, гьев Совет Союзалъул бахlарчиясул цlаралъе мустахlикъав вугилан бихьизабурал документал руго Ватlанияб рагъул архивалда. Дица дирго рохел бицана дирго божарав гьудул Рихьуниса Дибиров Тlалхlатида. Гьелдаса хадув дихъе кlалъан вачlана Рихьуни росдал бегавул Хlасан. Хадуб Тlалхlатил кумекалдалъун гьев бахlарчиясул гlумроялъул цlех-рех гьабизе телефоналъ кlалъан лъай-хъвай гьабуна гlемерал саназ Рихьуни школалъул директорлъун хlалтlулев вукlарав Хlайбулагьил вас Мухlамадгун.Гьев Мухlамадги ватана дида цlакъ ракl бацlадав,тlад къараб иш тlубалев чи. Гьеб кlудияб рохел,бахlарчиясул хlакъалъулъ дида лъарабщинаб лъикlаб хабар районалъул жамагlаталъе бицине бокьун буго нилъерго «Ахихъан» газетаялъул гьумералда.

Унсоколо районалъул Рихьуни росулъа Ватlанияб рагъде ана 93 гlолохъанчи, гьезда гьоркьоса Ватlанияб рагъда фашистазда тlад бергьенлъиги босун бахlарзал гlадин нахъ руссана 36 вас. Ватlан цlунулаго фронталда чlварал 57 рихьундерил гlолохъабазда гьоркьоб букlана Хlусейнов Мухlамад Мухlамадовичасулги цlар. Ватlанияб рагъул архивалъул баяназда рекъон ва церехун дица цlар рехсарал рихьундерил гlолохъабазул биценазда рекъонги Хlусейнов Мухlамад гьавун вуго Рихьуни росулъ l925 соналъ. Мухlамадил эбелалда цlар букlана Занкияева Агlищат, инсуда цlар букlана Мухlамадов Хlусен Мухlамадович. Хlусейнов Мухlамадил лъимерлъиялъул гlумро ана гlагараб Рихьуни росулъ. Гьеб букlана пачаясул хlукуматги бихун, цlияб Советияб хlукумат гlуцlулеб заман. Гьеб заманаялъул гlелалда бихьана гlисинго ракъиги, захlмалъиги, къварилъиги. Гьитlинго вукlаго эменги хун, Мухlамад ккана эбелалъул цlобалде. Мухlамадица хlаракат бахъулеб букlана сундулъго эбелалъе кумек гьабизе. Цадахъго лъикlал къиматазда цlалана школалда. l940 соналъ анкьго соналъул школаги лъугlизабун Мухlамадица пикру гьабуна кинаб букlаниги махщел щвезе



тlалаб гьабизе ва гьев цlализе уна Каспийск шагьаралда букlараб рагъулаб заводалда цебе рагьараб училищеялда. Цо лъагlелалъ училищеялдаги цlалун Мухlамадие щола станокалда хlалтlулев слесарасул махщел ва l94l соналъул май моцlалъ гьев витlула Свердловский областалъул Камышловское шагьаралда букlараб рагъулаб заводалде хlалтlизе.

l94l соналъул 22 июналъ байбихьана Кlудияб Ватlанияб рагъ. Рагъ бай бихьарал тlоцересел къоязго Мухlамадицаги гlарзаги кьун Ватlан цlунизе фронталде ине пикру гьабула. Кигlан бокьаниги Мухlамад фронталде витlичlо, щайгурелъул гьев жеги гьитlинго вукlана. Мухlамад жиндирго гьалмагъгун 2 соналъгlаги хlалтlана гьеб рагъул заводалда. Гьел саназ Мухlамадгун цадахъ цlалулев ва хlалтlулев вукlана цойги Рихьуни росулъаса гlолохъанчи-Ахlмадов Мухlамадги. Ватlан цlунизе фронталде ине гьезул букlана кlудияб гьира. l943 соналъул l ноябралъ, жиндир гlумроялъул l8 сон тlубайдал Хlусейнов Мухlамад кьун гlарзагун фронталде витlана Свердловский областалъул Камышловское шагьаралъул рагъулав комиссарасул буюрухъалдалъун. Рагъулаб архивалъул баяназда рекъон Хlусейнов Мухlамад Ватlанги цlунун бахlарчиго вагъулев вукlана тlоцебесеб Украинаялъул фронталъул, l3-абилеб армиялъул,5-абилеб рекlаразул корпусалъул,8-абилеб рекlаразул дивизиялъул, 29-абилеб рекlаразул полкалъул минометазул батареязул кьеразда гьорлъ, минометалъул наводчиклъун. Хlусейнов Мухlамадица цlикlкlараб бахlарчилъи бихьизабуна Украинаялъул бакътlерхьудехун бугеб Ровенское об-ласталъул Дубно шагьар l944 соналъул январь моцlалъ фашистаздаса эркен гьабулаго. Жиндирго минометалъул расчеталъул командир захlматго лъукъидал Хlусейнов Мухlамадица командирасул иш жиндаго тlаде босула ва гьесул минометалъул кьвагьияз фашистазул аскаразе гlемерал камиял ккезаруна. Мухlамадил минометалъул кьвагьиялъ фашистазул отрядал нахъе къазарула ва жиндирго полкалъул рекlаразул эскадронал церехун ине рес кьола. Гьел вахlшиял ва гурхlел гьечlел рагъазулъ Мухlамадил минометалъул къвагьиялъ чlвана фашистазул l0 чи ва хвезаруна фашистазул 4 пулеметазул щулалъаби. Амма фашистазул бутlруз церехун къотlулел рукlана цlи-цlиял рагъул отрядал ва танкаби. Хlусейнов Мухlамадица жиндирго къокъагун щулалъабиги гьарун нахъеги лъикlаб кьаби щвезабуна фашистазул хъамалчагlазда. Жиндирго минометалъ кьвагьизе минаби лъугlидал Мухlамадица кодобе босула рагъда чlварав гьалмагъасул автомат ва гlужилаб кьвагьиги щвезабун, тlагlинавуна фашистазул 27 солдат. Нахъеги Мухlамадил щулалъаби риххизаризе фашистазул командирас гьесде тlаде ритlула жибго билъанхъулеб гlарада «Фердинанд» ва гlемерал фашистал. Гьеб фашистазул цlар рагlараб «Фердинанд» гlарада Мухlамадица цо чанго гранатабиги тlаде рехун щущахъ биххизабула. Нахъеги,фашистазул лъабабилеб тlадекlанцlиялда Мухlамадица жиндирго автоматалдасан нахъойги ракьалда лъола фашистазул 7 чи ва гьелдаса хадуб рагъул авлахъалдаса хвасар гьарун нахъе росана горбодаги чlван рагъда лъукъарал жиндирго 3 рагъулав гьалмагъ ва нахъе босун цlунана жиндирго минометги.

Украинаялъул ракь фашистаздаса эркен гьабун хадуб Советияб Армиялъ l944 соналъул ихдал байбихьана Европаялъул халкъал фашизмаялъул кверщаликьа эркен гьаризе. Гьеб соналъ Мухlамад вагъулев вукlана кlиабилеб Украинаялъул фронталъул аскаразул мухъилъ Венгрия ва Словакия фашистаздаса эркен гьабиялъул рагъазулъ. Венгриялъул Хайлу-Собосло шагьар эркен гьабулаго l944 соналъул l2 октябралъ Хlусейнов Мухlамадица нахъойги рагъулъ бихьизабуна кlудияб бахlарчилъиги, гьунарги. Гьел рагъазулъ Мухlамадица тlубазабулеб букlана эскадроналъул командирасул бухьенчиясул хъулухъ ва гьес щулияб бухьен чlезабун букlана эскадроналъул рагъулал взводазда гьоркьоб. Гьеб рагъулъги Мухlамадица гlужилаб кьвагьиги гьабун нахъойги тlагlинабуна цойги фашистазул къокъа. Венгриялъул халкъги фашистазул лагълъиялдаса эркен гьабун, кlиабилеб Украинаялъул фронталъул аскараз байбихьана Словакия эркен гьабизе.l945 соналъул 30 марталъ Хlусейнов Мухlамадица гlахьаллъи гьабуна Дунай гlорги бахун бакътlерхъудехун ругел Словакиялъул шагьарал ва росаби эркен гьарулел рагъазулъ. Мухlамадица Дунай гlор цересел кьеразда цадахъ бакътlерхьудехун бахуна ва гьенир фашистазул шулалъаби кьвагьизарула.Гьелъ рес кьола советиял аскаразул рекlаразул эскадроназ Дунай гlор бахине ва церехун ине.Гьеб рагъулъги Мухlамадица кlудияб бахlарчилъи бихьизабула, амма гьеб рагъулъ гьев цlакъ захlматго лъукъула. Хlусейнов Мухlамад рагъулал гьалмагъзабаз кумекги гьабун хех гьабун вачуна Украинаялъул Дубно шагьаралда гlагарлъухъ букlараб рагъулаб госпиталалде. Амма Мухlамад хва-лилал ругъназдаса врачазда сах гьавизе кlвечlо ва l945 соналъул 2 апрелалъ захlматал ругъназ хвана. Гьев вукъун вуго Украинаялъул Дубно шагьаралъул гlагарлъухъ бугеб Великое Шенковице абулеб росулъ вацлъиялъулаб хабалазулъ.

Хlусейнов Мухlамадица Кlудияб Ватlанияб рагъда гlахьаллъи гьабуна l943 соналъул ll ноябралдаса бай бихьун l945 соналъул 30 марталде щвезегlан. Дица хlисаб-суал гьабидал Мухlамадица гьеб цо лъагlелги бащдаб гlанасеб заманаялда чlван вуго 70 гlанисев фашистазул солдат, кьвагьизабун буго фашистазул жибго билъанхъулеб гlарада «Фердинад», биххизабун буго 5 пулеметалъул щулалъи. Гьел бахlарчиял гьунаразе гlоло гьесие чlаго вукlаго Совет Армиялъул командованиялъ кьун руго гьал хадусел шапакъатал: Орден Красного Знамени, Орден Славы 3-й степени, медаль «За Отвагу». Бищунго кlудияб шапакъатлъун букlана гьесие полкалъул командир майор Симбуховскияс, дивизиялъул командир генерал-майор Павловас ва корпусалъул командир генерал-майор Соколовас гъулбасараб документалда l944 соналъул l2 марталъ чlван къотlун хъвалеб бугеб Хlусейнов Мухlамад Мухlамадович Совет Союзалъул бахlарчиясул цlар кьезе мустахlикъав вугилан гьабураб хъвай-хъвагlай. Амма гьеб документалъул къисмат кин ккарабали бичlулеб гьечlо.

Хlусейнов Мухlамадие Совет Союзалъул бахlарчиясул цlар кьечlого щай хутlарабали бигьаго лъазе кlолеб гьечlо. Гьеб лъазе ккани цlакъ гlемер хадур лъугьине ккола документазда. Щиб лъалеб, Кlудияб Ватlанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тlубаялъул хlурматалда пачалихъалда тlоритlулел хlалтlабазда цадахъ нилъ хадур чlани гьев мустахlикъав бахlарчиясе, Рихьуниса Хlусейнов Мухlамадие, гьесие кlиго генералас кьезе мустахlикъав вугилан абураб Россиялъул бахlарчиясул цlар кьезеги бегьула. Дир хьул буго гьесул гlагарлъиялъ, хасго рихьундерил росдал бажари бугел жамгlиял хlаракатчагlаз ва Унсоколо районалъул нухмалъулез гьев бахlарчияв рихьундерил вас Хlусейнов Мухlамадие мустахlикъаб Россиялъул бахlарчи абураб цlар щвеялъе бажарарабщинаб хlалтlи гьабилилан. Районалъул тарихчи хlисабалда дида бажарараб щинаб дицаги гьабуна ва хадубги гьабизе буго, Аллагьас хъван батани.

**26 апрель 2020 сон.**
**Ибрагьимов Хlажи Хlусейнович,**
**краевед.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 17 (7418)
Гьат1ан
10 Май 2020 сон

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере




# Люди в белых халатах

(К Всемирному дню медицинских сестёр)

Впервые идея празднования Дня медсестёр была высказана в 1953 году, но отмечаться праздник стал с 1965 года. С 1974 года Всемирный день медицинских сестёр отмечается 12 мая, в день рождения Флоренс Найтингейл, одной из основательниц службы сестер милосердия. Много хорошего можно говорить о медсестрах Унцукульского района, которые ухаживают за больными, дежурят возле них и днем и ночью, не думая об отдыхе и сне, не заботясь о своей семье. Люди в белых халатах похожи на ангелы, их ждут, их любят, от них зависят здоровье и покой очень многих людей. Сегодня особенно важна работа медицинских сестёр, в этот период они несут большую ответственность за тех, кто борется с опасной инфекцией, внезапно ворвавшуюся в нашу жизнь. Они не боятся заразиться, боятся за пациентов, которым нужны помощь, добрые искренние слова, поддержка и понимание. Несмотря на риск заболевания, неудобства средств индивидуальной защиты, бессонные ночи, долгие часы рядом с больными, милые сестры работают, заботятся о каждом, переживают за каждого. Профессия медика для Джамилии Магомедалиевой тоже была одной из лучших еще будучи школьницей Унцукульской средней общеобразовательной школы. Она всегда мечтала помочь другим, девочка часто бегала к больным родственникам, соседям, друзьям, носила им лекарства, заботилась, утешала ласковым словом. Джамиля Магомедалиева родилась в обычной семье рабочих Унцукульской художественной фабрики в 1997 году. В 1994 году закончила школу и поехала учиться в г. Махачкала. Джамиле Магомедалиевой удалось поступить в медицинский колледж на сестринское отделение. В 1998 году закончила колледж с хорошими оценками. Мечта осуществилась в 2000 году, когда начала работу дежурной сестрой в инфекционном отделении Унцукульской больницы. Вот уже двадцать лет Джамиля Магомедалиева в больнице. Каждый раз больные встречают её с необычной радостью, чувствуется, что они очень любят опытную сестру, с ней можно поговорить, поделиться своими мыслями, можно просто любить и уважать. Не всегда все получалось, не всегда все было гладко, ибо опыт приходит с годами, но Джамиля Магомедовна знала, что нужно работать, нет назад пути, знала, что продолжит нелегкое дело. «Идти дальше мне помогают,- говорит Джамиля Магомедовна,- любовь к работе, желание помочь больным, умение любить каждого, кто обращается к ней за помощью, трудолюбие, искренность и доброта, которые она хранит в глубине души». Джамиле Магомедалиевой тяжело особенно в этот период, когда в больницу все чаще поступают тяжело больные люди, когда она 8 часов носит средства индивидуальной защиты, когда вообще нет времени заботится о семье. Доброго здоровья Вам, милая медсестра Джамиля Магомедовна. Пусть Вам каждый божий день принесёт добрую весточку прежде всего о родных и близких, о больных. Пусть прибавятся силы, пусть успехи радуют Вас. Прекрасен мир, и жизнь зависит от наших благодеяний и забот о других, от доброты и от труда. Счастья Вам и успехов еще раз!

# Добросовестная работа правоохранительных органов



Несмотря на неблагоприятную обстановку, связанную с распространением коронавирусной инфекции, полицейские России продолжают свою работу.

Немаловажную роль в этой работе играет и полиция Унцукульского района.

Одной из дополнительных задач, возложенных на наших правоохранителей, является контроль исполнения ограничительных мер населением и предприятиями.

Патрули на улицах поселений и сел усилены, а сотрудники с самого начала проверяют людей на нарушение карантинного режима. Кроме этого, полицейские регулярно сопровождают врачей и волонтёров при посещении лиц, находящихся на самоизоляции после возвращения из других мест, городов, стран.

Полицейские несут свою службу лицом к лицу к смертоносному вирусу. Начиная с 25 апреля в Унцукульском районе выставлены посты для того, чтобы усилить контроль режима карантина. Такие посты в настоящее время существуют в с. Майданском, Балахани, в Унцукуле с помощью ДНД, они проверяются начальниками полиции, в Временном посёлке выставлены дополнительные посты.

Сотрудниками полиции проверяются автотранспорты, пропускная тех, у кого специальные пропуска. Так, разрешают выезд гражданам, которые отправляются за продуктами в магазины, за кормом для животных на склады, за медикаментами в аптеки. Из-за работы, проводимой полицией, сегодня сохранен низкий уровень заболеваемости людей, соблюдены меры защиты от коронавирусной инфекции.

За высокий профессионализм, целеустремлённость, доброжела-тельность, терпение благодарим сотрудников полиции во главе с начальником ОМВД России по Унцукульскому району Салманом Гаджиевым, начальником ОГИБДД по Унцукульскому району, Рамазаном Мухтаровым, начальником участковых уполномоченных полиции Магомедом Абдурахмановым, командиром отделения Магомедом Магомедовым, зам. начальника ОМВД России по Унцукульскому району Нажмудином Нажмудиновым и др.

С такими сотрудниками правоохранительных органов мы, простые граждане, чувствуем себя более защищёнными, их работа сближает нас, повышает доверие к настоящим стражам порядка и закона. Желаем им крепкого здоровья, долгих лет жизни и успехов в нелёгкой и опасной работе.

**П. Магомедова**

## Заседание оперативного штаба



На днях глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов провел очередное заседание оперативного штаба для организации мероприятий, связанных с распространением коронавирусной инфекции на территории Унцукульского района. На совещании обсуждалась эпидемиологическая обстановка в районе в связи с распространением COVID-19. В своем выступлении начальник ОМВД России по Унцукульскому району Салман Гаджиев подчеркнул несоблюдение режима самоизоляции некоторыми жителями района и необходимость усиления контроля режима самоизоляции во всех населенных пунктах района совместно с районной администрацией.В ходе совещания Иса Нурмагомедов поручил членам оперативного штаба провести повторные подворные обходы в поселениях, усилить контроль режима самоизоляции, на въезде и выезде тщательно проверить пропуска проезжающих.

В конце глава МО «Унцукульский район» Иса Нурмагомедов известил собравшихся, что режим самоизоляции в Унцукульском районе будет продлен до 31 мая, дистанционное обучение учащихся будет продолжаться до конца учебного года, детским садам можно выходить на работу в конце мая, праздник Ураза – Байрам будет отмечаться дома на самоизоляции.

## Церемония возложения венка

Вчера 9 мая, состоялась церемония возложения венка к обелиску участникам Великой Отечественной войны.

Венок возложили военный комиссар Шамиль Магомедов и начальник ОМВД России по Унцукульскому району Салман Гаджиев.

На церемонии присутствовали глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов, заместители главы по общественной безопасности Магомед Гамзатов и по экономическим вопросам Карамагомед Абдулхаликов, начальник отдела культуры Али Абдулаев, директор Дома культуры Абдулжалил Султанов и др.

В этом году страна отмечает 75-летие Победы над фашистской Германией.

# ЧIегIераб кагъат

(ХIакъикъияб хабар)



МухIамад анкьго классги лъугIун, колхозалде лъугьана. Амма кинабго захIматго букIана. Колхозалдаса захI-маткъоязухъ щолеб жо дагьаб букIана. Чадикълъи, ратIликълъи бугониги, «Ки-набго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе гIоло» абураб ахIиялда гьоркь цIакъго захIматал шартIазда хIал-тIулаан. Жалго колхозчагIи разилъун кьураб гуребги, рагъул соназ хIукуматалъ тIадаблъун гьабуна ва щибаб цIаракиялъ кьезе кколаан лъагIалие: рагъулаб налог – I0 гъур., хIораб налог (лъимер гьечIеб рос-чIужуялъ) – 60 гъур., гьан – 56 кг., ханал – 60 шт., цIоко-тIехь – 3 шт., 2 кг. гIакдал нахул. Гьеб бичун босулаан гIадамазухъа I0 гъурущалде. Гьелда тIадеги хъвазе кколаан заемал. Гьеб букIана хIал гьабун бахъулареб, хъвачIогоги толареб налъи.

Гьаб захIматаб лъугьа-бахьин ккун буго захIматал рагъулал I94I-I945 соназ магIарулазул цо росулъ. КIудияб ВатIанияб рагъде рос тIовитIизе ГIайшат ана хIамида рекIинаюн кIияйго ясгин. Вас цIикIкIарав вукIиналъ инсуда цадахъ лъелго хабар-кIалалда рукIана. Инсуца васасда малъа-хъваял гьарун, гIемераб жо бицун толеб букIана. Амма, ГIайшатил щибниги жо рагIулеб хIал букIинчIо. Зама-заманалдасан гьездаса балъго кIазил рагIалалъ магIу бацIцIунеб букIана гьелъ. Гьединаб хIалалъ гьел щвана Шурагьабе унеб шагьранухде. Гьенирги лъалхъана гьел цо дагьаб мехалъ. ГIисинго рукIаниги, ясаздаги бичIчIулеб букIана кинабго ва инсудаса бер нахъе босулеб букIинчIо гьез. Цоги росабалъаги рагъде унезул къокъаби, рекIарал, лъелал рукIана нухдасан унел, рачIунел. Цогидал,гьел тIоритIизе Шурагьаре, гьел поездалде рахина ризе унел рукIана. ЛъикIаланго нух нахъа тана ГIайшатицаги лъималазги цадахъ рилъун унаго.

Нуж гьанже нахъ руссун лъикIин абула ГIусманица хъизаналда ва къо-мех лъикIги гьабун, хIамида букIараб квен-тIехалъул цIураб къвачIаги босун, цо къокъаялда цадахъ ана гьев. Сверуда нахъа гьев тIерхьун инегIанги эхетун хутIана гьал хадур ралагьун гIодулел. Зама-заманалдаса ГIусман нахъ вуссунаан гьезда берчIвазе. ГIемерал батIи-батIиял пикраби гьаруна ГIусманица росу толаго. Амма, лъидаго жеги лъалеб букIинчIо хадусеб къисмат...

Инсуца гьабулеб букIарабщинаб жо гьабизе ккана васасде, кинабго магIишат гьесде тIаде бегана. Риидалил каникулазги колхозалъул хIалтIи гьабизе вахъана МухIамад, ГIайшатги гьежгурун хIалтIизе ккана. Гьеб соналъул хаселги къирун-къварун ана гьазул. Рагъдаса рачIарал инсул кагътал цIалулел рукIунаан лъимал, хадусеб бачIинегIанги эмен рокъов вугев гIадал пикраби рукIана лъималазул. Гьезул хьул букIунаан, рагьги хехго лъугIун, эмен вачIине, гьев вихьизе. Инсуде хъвалеб кагътидаги букIунаан рагъ лъугIулеб гьечIищан. Амма цо къоялъ бачIараб кагъат букIана чIегIераб, магIу бахъараб. Гьелда хъван букIана, ГIусман бахIарчиго хванилан. Гьеб къоялъ гIагарлъиялъулги росуцоязулги цIун букIана гьазул азбар.

Гьедин ана санал. ГIайшат лъалаго херлъулей йикIана. Къо бахъанагIан колхозалъул хIалтIи захIмалъулеб букIана, гьелда кколаан ургьимесалда жаниб цIа рекIунцин гуродай бугеб,-ян. Хадусеб соналъ ГIайшатги дунялалдаса ятIалъана ва тIубанго бесдаллъана лъимал.

МухIамадие гьеб кинабго захIмалъулеб букIана. Школалде унел яццазе босизе кколаан ретIел-хьит ва цогидабги хIажатабщинаб. ГIагарлъиялъулги гьезде регIарав чи вукIинчIо. Яццал ракъун теларин МухIамадица байбихьана рокъоса цо цIакъго къваригIунареб къайи-къоно бичизе. ТIад мина гьабизе инсуцаго данде гьабун букIараб хъарщи-цIул бичана ва хисана къомухьихъ. Гьелъги гIей гьабичIо. Ихдалил заманаялъ росулъ гьарулелщинал ракул гваязулъ ва цогидалги ишазулъ гIахьаллъулаан МухIамад, гьедин дагьаб букIаниги кваназе щолаан гьесие.

Дол соназда росулъ букIана рагъухъабазе фронталде битIизе данде гьабураб хасав чиги тIад тараб кванил нигIматазул склад. Гьеб цIунун букIана сверун рухьарал гьабзаз. Рес къотIиялъ МухIамадил ният ккана гьениса къаси-къаси ун, дагьаб квен-тIехалъе жо босизе. Гьеб лъачIого хутIичIо складчиясда. Росулъ хараби ва руч-чаби гурони хутIунги гьечIелъул, гьев гIемер ургъана цIогьор кквезе. Кин бугониги щаклъи бачIана МухIамадиде. Цо къоялъ гьал кIиялго данделъараб бакIалда МухIамадида цIехон буго хъаравулас.

-Дуцайищ складалдаса жо бикъулеб бугеб?,-ян.

-Дир яццал ракъун руго, гьечIо кваназе жо рокъоб,-ян къварилъун вуго вас.

- Кинха мун жаниве лъугьарав, гьагъадинал щидалал гьабиги рукIадго?

- Дун гьел гьабзазде аскIове ана накабазда хъурщун, ункъида вилъун ва гIодулаго дица гьезда бицана яццал ракъун ругин, рокъоб кваназе жо гьечIин, дун гьениве виччайилан. Гьеб хIалалъ хьвадана дун къаси-къаси гьениве, щибаб сордоялъ гIадин.

-МухIамад, дун гьел гьабзаздасаги квешав чи гуро вугев, дуца гьабулеб бугеб жо дида бихьичIо ва рагIичIо, амма цоги чиясда гьеб лъан хадуб мун туснахъалда лъолин бицана хъаравулас васасда. Гьедин ракъун-къечон течIого хвалдаса хвасар гьаруна гьел ятимал рагъул соназда гьитIинав гIолилас.

Рагъда хадусеб заманалда яцазул цоялъ жидерго лъималазда бицун гьезги цогидазда бицун, нилъехъе щвараб буго гьаб хабар.

Бихьугеги нилъедаги наслабаздаги рагъул къогIлъи, ракъи-къеч, къварилъи!.

**ГIумар АВАРСКИЙ**
**Хьаргаби районалдаса тарихчи**

# Ралагьизин генофондалъухъ

(Союзалъул бищунго балъгояб программаялъул хIакъалъулъ)

Жакъа анищ гьабизе ккараб жо гуро лъаларев чиясул беразул, расул кьер, бараб гIумро, вачIараб бакI, психоэмоционнияб статус генетическияб анализ гьабун лъазе рес букIин. Гьанже гьеб лъала хIакъикъияб, Россиялъулги Белоруссиялъулги гIалимзабаз цадахъ рекъон бахъараб, Союзалъул пачалихъалъулаб программа - «ДНК-идентификациялъул» кумекалдалъун.

РФялъул гIелмуялъул ва тIадегIанаб лъаялъул Министерствоялъ ва Белоруссиялъул НАНалъ, кIиябго рахъалъул гIалимзабазул вакилзаби данделъараб, Минскиялда бугеб Союзиял пачалихъазул кидагосеб комиссиялде кьуна гьел криминалистикаялъе ва медицинаялъе кIвар бугел, къиматал хIасилал.

«ДНК-идентификациялъ» гьорлъе бачуна цIех-рехазул анцIго рахъ. Гьезда гьорлъ буго технологиялде жанибе баяназул базаби роси, ай хасал гIадамазул хаслъабигун баянал жанире роси. ЦIех-рехчагIазда батана чиясул къватIисеб хIалалъул чертаби лъалел ДНК-маркералги. Гьелъул хIасилалда,-ян бицана Белоруссиялъул рахъалъ программаялъул руководитель, академик Александр Кильчевскияс,- чиясул беразул кьералъул лъана 90 %, расул 86%. Чияс бараб заман чIезабиялъеги ДНКялъул образазул коллекция гIуцIун буго – гьенире ккана 11 ялдаса 100 соналде щвезегIан гIумро бугел «гIахьалчагIи». ГьабсагIаталда технологиялъ рарал саназул




хIакъалъулъ 4 сонил гурони гьалатI ккечIого бицуна. Гьединго киса лъаларев такъсирчи кколевали лъазе ресги буго; кинабго рахъалъ россиялъулазул генефонд бугеб I40 этнорегионалиял группаби гьоркьоре рачун, хIадурараб база букIиналъ. Гьединго гьенире росун руго киналго россиялъул халкъазулги баянал ракIарараб база.

Такъсир лъица гьабурабали хехго лъанагIан бигьаго букIуна гьеб рагьизе ва такъсирчи гIадамаздаса ватIа гьавизе. Жеги тIубанго гьабун рагIалде бахъун гьечIеб «ДНК-идентификациялъ» ва цIияб технологиялъ гьев валагьула цо сордо-къоялда жанив.

Гьаб соналъул 2 маялда 64 сонил гIумроялда нилъедаса ватIалъана районалъул лъай кьеялъул отделалъул начальник, гIаданлъиялъулаб гIамал-хасияталъул сахаватав инсан, щивасе кумекалъе хIадурав лъикIав гьудул-гьалмагъ

**МухIамадгIалиев Лабазан МухIамадгIалиевич**

Гьесул классцояз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго хъизан Асиятида, яцазда, лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда, гьудул-гьалмагълъиялда, цадахъ хIалтIаразда!

Щивав лъалесул, цадахъ хIалтIаразул рекIелъ лъикIаб лъалкI тун ана Лабазан ахираталъул рокъове. Нижедаги гьев кидаго кIочон теларо лъикIав инсан хIисабалда.

Аллагьас алжан насиб гьабун батаги гьесие, нахъе ругезе сабруги сахлъиги кьеги!

**Классцоязул рахъалдасан хъвана Гъазиева ПатIиматица**

**Буйнакск шагьар**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 9 .05. 20 г.
16:25
фактически -17:20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.